## 40-68 Jesus is Alive

*www.GodsPeopleCare.org*
*Bible Verses are Shona*

**Kumuka kwaJesu**



Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. MATEO 28:9

**Kumuka kwaJesu**

MATEO 28:1-10

Mushure meSabata, ava mambakwedza
nomusi wokutanga wevhiki, Maria
Magadharena nomumwe Maria vakaenda
kundoona guva.

2Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru
nokuti mutumwa waShe akabva kudenga
akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe
riya akagara pamusoro paro. 3Kuonekwa
kwake kwakanga kwakaita semheni
uye nguo dzake dzakanga dzakachena
sechando. 4Varindi vakamutya kwazvo
zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya
nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu
uyo akarovererwa pamuchinjikwa. 6Haapo
pano; amuka sokutaura kwaakaita. Uyai
muone panzvimbo paakanga avete.

7Zvino kurumidzai muende kundoudza
vadzidzi vake kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa
uye kuti afanotungamira kuGarirea.
Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva
paguva vachitya asi vakazadzwa nomufaro,
uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake.

9Pakarepo Jesu akasangana navo, akati,
“Kwaziwai.”
Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye
vakamunamata.

10Ipapo Jesu akati kwavari, “Musatya.
Endai mundoudza hama dzangu
kuti vaende kuGarirea; ikoko ndiko
kwavachanondiona.”



Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.”
Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye
vakamunamata. MATEO 28:9